



Pou Piblikasyon Imedya: 22/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO TE REKIPERE PLIS PASE 1 MILYON KAT EXCELSIOR DEPI LANSMAN AN

Gwo lokal ak biznis atravè eta a ap entegre kat Excelsior a apre Eta a adopte nouvo enstriksyon CDC a sou itilizasyon mask pou moun ki vaksinen konplètman yo

Premye kat dijital nan peyi a ofri yon fason gratis epi volontè pou pataje vaksinasyon oswa sitiyasyon tèz negatif COVID-19 la dapre enstriksyon Eta a

Kat Vaksinasyon COVID-19 Excelsior a valid kounye a pou 365 jou; Moun ki vaksinen nan Eta NY ka rekipere l 15 jou apre dòz final la

B-Roll Kat Excelsior a ki te itilize nan match Islanders New York la disponib [Isit la](#); Foto maketing kat Excelsior yo disponib [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke yo te bay plis pase 1 milyon Kat Excelsior depi Eta New York te lanse premye platfòm volontè nan peyi a nan mwa mas la. Kat Excelsior ke lokal, inivèsite, estad ak biznis nan tout eta a ao itilize, se yon fason gratis epi sekirize pou prezante prèv dijital vaksinasyon oswa rezilta tèz negatif COVID-19 ki ede fè Nouyòkè yo retounen nan bagay yo renmen epi ki manke yo - nan tout sekirite.

"Apre yon ane long epi difisil nan fason ki enkwayab, Nouyòkè yo finalman ap retounen nan lavi nòmal yo epi retounen travay nan mitan pousantaj vaksinasyon k ap ogmante yo, epi premye Kat Excelsior nan peyi a se yon pati kle pou restore nòmalite a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lefè ke nou te franchi yon etap enpòtan tèlman rapidman—plis pase 1 milyon kat te soti—sa pale de dezi Nouyòkè yo pou rekòmanse anpil aktivite yo te renonse a yo ane ki pase a epi sa se bon nouvèl pou reprann ekonomi nou an epi konstui yon eta ki pi solid pou lavni. Nouyòkè yo pare pou nouvo nòmal la, epi Kat Excelsior a ap ede yo rive la jiskaske nou ka defèt pandemi tèrib sa pou bon."

Kat Excelsior a ap sipòte Nouyòkè yo pou rekonstwi pi byen atravè enstriksyon DOH Eta NY, avèk plis pase 80 pousan ogmantasyon nan telechajman semèn sa sèlman. Apati 19 me, Eta a te leve restriksyon sou kapasite yo epi li te adopte enstriksyon CDC a sou mask ak distans sosyal la pou moun ki vaksinen konplètman yo. Dapre [nouvo enstriksyon an](#), kèk biznis ka chwazi mande prèv sitiyasyon vaksinasyon COVID-19 epi

Kat Excelsior a se yon opsyon ki fasil pou itilize epi ki ka verifye. Nouyòkè yo ka toujou prezante lòt fòm vaksinasyon ak rezilta tè negativ COVID-19--tankou fòm papye--dirèkteman nan biznis ak lokal yo.

Gwo lokal espòtif yo atravè Eta a deja ap itilize Kat Excelsior a pou fè plis fanatik retounen nan estad yo, ki enkli [Madison Square Garden](#), [Barclays Center](#), [Yankee Stadium](#), [Citi Field](#), [Nassau Coliseum](#), Belmont Park, Times Union Center, NBT Bank Stadium, Carrier Dome, [Sahlen Field](#) - akèy tanporè Toronto Blue Jays - Keybank Center, ak Frontier Field.

Inivèsite ak kolèj atravè New York - ki enkli kanpis State University of New York tankou Inivèsite nan Buffalo, Inivèsite Binghamton ak Inivèsite Stony Brook, ansanm ak Inivèsite Syracuse, Inivèsite Pace ak Inivèsite Long Island - te deja pwofite de Kat Excelsior a pou seremoni gradyasyon an pèsòn ak gwo evènman tankou match espòtif oswa yo te fè plan pou sezon otòn nan.

Itilizatè ki enterese pou enskri pou itilize Kat Excelsior a, ki gen yon Kat Vaksinasyon ak de opsyon Kat pou Tès diferan, ka aprann plis [isit la](#); biznis ak òganizasyon ki enterese ka enskri epi aprann plis [isit la](#) epi telechaje resous maketing dijital yo [isit la](#) pou ede demontre patwon/kliyan yo ke biznis yo a aksepte Kat Excelsior a.

Nan moman sa, ou ka rekipere Kat yo sèlman pou vaksinasyon oswa rezilta tè negativ COVID-19 ke yo te resevwa nan Eta New York, byenke ou pa oblije yon rezidan New York. Eta a ap travay aktivman ak patnè rejyonal ak entènasyonal yo pou elaji itilizasyon li an, ansanm ak gwo patwon Eta New York yo pou sipòte reouvèti biwo yo.

Tout Kat Vaksinasyon COVID-19 Excelsior yo te rekipere apati jodi a ap valid pou 365 jou olye 180 jou. Sila yo ki te deja gen yon Kat Vaksinasyon ka rekipere yon nouvo Kat nenpòt lè yo chwazi pou yo ka pwofite de pwolongasyon sa. Nan moman sa, Nouyòkè yo ta dwe konnen ke 365 jou yo konsène dire validite Kat la sèlman. Dire validite Kat Vaksinasyon Excelsior a ka kontinye aktyalize pou reflekte dènye konpreyansyon ekspè sante federal ak eta yo epi toutotan plis done syantifik ak done esè apibliye.

Pou moun ki enterese nan Kat Excelsior ki te resewa Vaksinasyon COVID-19 oswa Tès PCR ak/oswa Antijèn yo nan Eta New York, vizite epass.ny.gov pou kòmanse.

Reyalite rapid sou Kat Excelsior a

- Kat Excelsior a se yon mwayen gratis, volontè, epi sekirize pou rekipere prèv vaksinasyon oswa rezilta tè negativ COVID-19 epi yo kenbe done itilizatè yo konfidansyèl epi nan tout sekirite tout tan.
- Nan moman sa, Kat yo disponib pou moun ki te resevwa Vaksinasyon oswa tè PCR/Antijèn COVID-19 yo nan Eta New York sèlman.
- Yon Kat vaksinasyon COVID-19 Excelsior a disponib 15 jou apre dòz final vaksen an te administre, li valid pou 365 jou.

- Yon Kat Excelsior Tès PCR COVID-19 valid jiska minwi nan twazyèm jou apre yon tès.
- Yon Kat Excelsior Tès Antijèn COVID-19 valid pou 6 èdtan apati lè yon tès te fèt.
- Chak kat genyen siyati kriptografik ki asire ke li otantik e ke pa gen okenn falsifikasyon done ki fèt.
- Kat Excelsior a akonpaye pa yon Biwo Èd ki gen anpil resous, aksè nan plizyè lang, epi ki kapab enprime pou moun ki ka pa genyen Smartphone.
- Nouyòkè yo toujou gen opsyon pou itilize lòt kalite prèv tankou yon kat CDC oswa rezilta tès fizik nan laboratwa, dirèkteman nan yon biznis oswa yon sit.

Moun k ap bay vaksen ak founisè tès yo responsab dirèkteman pou antre done vaksinasyon ak tès COVID-19 yo nan baz done sekirize Eta New York ak Vil New York yo alè. Selon enstriksyon DOH Eta NY la, tout administratè vaksen Eta New York dwe genyen anplwaye ki disponib pou revizyon ak koreksyon done y ap antre yo alafwa, si yo idantifye gen pwoblèm antre done.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)